



Pou Piblikasyon Imedya: 23/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PRÈSKE 70 MILYON DOLA POU FINANSE PWOJÈ ENFRASTRIKTI DLO ATRAVÈ ETA NEW YORK

Pwojè yo sitiye nan rejyon Distri Kapital, New York Santral, Long Island, Mid-Hudson, Mohawk Valley, North Country, Southern Tier ak rejyon Lwès New York yo

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse ke Konsèy Administrasyon Kòporasyon Etablisman Anviwònmanal Eta New York (New York State Environmental Facilities Corporation, NYS EFC) la te apwouve prèske 70 milyon dola kòm asistans finansye pou ede 11 minisipalite avanse pwojè enfrastrikti enpòtan k ap pwoteje oswa amelyore kalite dlo. Finansman akoutèm yo ak sibvansyon ki te anonse anvan yo ke Konsèy Administrasyon EFC apwouve yo pral bay gouvènman lokal yo kapital pou ede yo kòmanse travay pou pwojè enpòtan yo. Konsèy la te apwouve tou plizyè konvèsyon finansman alontèm ki ofri soulajman nan enterè pou pwojè ki fini yo ak redui dèt pou minisipalite yo.

Nan finansman pwojè yo anonse jodi a, prèske 40 milyon dola nan asistans finansye pral sipòte yon pwojè 352 milyon dola pou Konte Oneida nan Mohawk Valley pou amelyore yon izin kontwòl polisyon dlo ak estasyon ponp.

"Lè nou investi nan amelyore enfrastrikti dlo eta nou an, n ap poze fondasyon pou kwasans rejyonal ak pwosperite pandan n ap pwoteje resous natirèl nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman sa a ede asire ke pri a pa pral yon baryè pandan kominote yo atravè eta a kontinye modènize sistèm tretman yo ak amelyorasyon enfrastrikti enpòtan yo - k ap ede nou antre nan yon avni ki pi vèt ak an sante pou New York."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Etablisman Anviwònmanal la, Maureen A. Coleman, te deklare, "Gouvènè Hochul ap fè Eta a avanse nan mete finansman ak resous nan men kominote lokal sa yo pou ede yo amelyore epi kenbe sistèm dlo ak egou enpòtan yo. Plizyè nan pwojè apwouve yo te kòmanse ak sibvansyon ki soti nan men EFC pou devlope yon rapò enjenyeri. Gras ak Gouvènè Hochul, gen jiska 3 milyon dola ki disponib kounye a atravè Aplikasyon Finansman Konsolide (Consolidated Funding Application) pou seri finansman Sibvansyon pou Planifikasyon Enjenyeri (Engineering Planning Grant) sa a. EFC ankouraje minisipalite k

ap planifye pwojè enfrastrikti bon jan kalite dlo yo pou yo pwofite opòtinite sa a lè yo aplike."

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta New York la ak Prezidan Konsèy EFC a, Basil Seggos te deklare, "Angajman kontinyèl Gouvènè Hochul pou mete ajou ak amelyore enfrastrikti dlo yo ap bati kominote ki pi solid ak an sante epi kreye travay atravè eta a. Avèk finansman sa a, n ap voye yon mesaj solid bay tout minisipalite New York yo ke nou pral kontinye fè amelyorasyon enfrastrikti dlo yo yon priyorite pou asire kominote yo gen resous yo bezwen pou ranplase ak modènize sistèm dlo ki aje epi amelyore kalite dlo."

Komisè Sante Eta a, Doktè Mary T. Bassett, te deklare, "Investisman ki elaji aksè ak dlo pwòp pou kominote New York yo—pandan y ap pwoteje anviwònman nou an kont dlo ize—se eleman enpòtan nan efò Eta a ap fè pou ankouraje anviwònman ki an sante ak pwoteje sante piblik. Mwen remèsye Gouvènè a pou angajman li pou ranfòse enfrastrikti dlo New York la, epi mwen pa ka tann patenarya kontinyèl Depatman Sante (Department of Health, DOH) a avèk Kòporasyon Etablisman Anviwònmanal (Environmental Facilities Corporation EFC), ak Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) la nan kad travay enpòtan sa a."

Sekretè Deta a, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Enfrastrikti dlo se poto mitan nan devlopman kominote dirab. Investisman saj Gouvènè Hochul nan enfrastrikti sipote ekonomi lokal yo, bay opòtinite lwazi, soutni abita pwason ak bèt sovaj, epi anrichi eksperyans chak jou nou yo. Investisman sa yo pral asire jenerasyon Nouyòkè yo pral jwi dlo potab pwòp ak yon anviwònman pwòp, pandan y ap kontribiyè nan revitalizasyon kominote a epi soulaje kèk nan presyon fiskal yo sou gouvènman lokal yo."

Senatè Charles Schumer te deklare, "Mwen fyè dèske m te delivre fon federal pou pwojè sa yo atravè New York, soti nan amelyorasyon enpòtan nan izin kontwòl polisyon dlo nan Konte Oneida rive nan dlo potab ki pi pwòp nan Long Island. Dola federal sa yo prale dirèkteman nan pwoteje sante piblik fanmi New York yo, epi mwen pral kontinye goumen ak tout zam nou pou pèmèt sistèm dlo nou yo kontinye koule, kwasans nan travay, epi Nouyòkè yo an sekirite ak an sante."

Reprezantan Sean Patrick Maloney te deklare, "Okenn fòm enfrastrikti pa gen yon enpak pi dirèk sou sante kominote nou yo pase sistèm dlo nou yo. Se poutèt sa mwen te goumen pou delivre finansman pou enfrastrikti dlo pwòp nan Lwa sou Enfrastrikti Bilateral (Bipartisan Infrastructure Law) la. Avèk envestisman sa yo, eta nou an ka adrese sistèm dlo ki aje epi asire aksè ak dlo pwòp pou tout Nouyòkè yo. Mwen kontan rejwenn Gouvènè Hochul nan anonse fon sa yo pou Middletown ak lòt kominote atravè eta nou an ki bezwen plis sipò pou ranplase sistèm dlo yo epi bay dlo pwòp pou rezidan yo."

Reprezantan Kathleen Rice te deklare, "Ranfòse enfrastrikti dlo Long Island ak pwoteje elektè m yo kont kontaminan danjere yo se youn nan priyorite prensipal mwen pandan tan mwen nan Kongrè a. Mwen kontan anpil pou m wè Garden City pral

resevwa plis pase 3.6 milyon dola pou enstale ekipman dènnye kri pou trete kontaminan emèjan yo nan etablisman tretman dlo Vilaj la. Mèsi Gouvènè Hochul paske ou bay sante nou priyorite ak pwoteje dlo pou nou bwè."

Apwobasyon Konsèy yo enkli finansman atravè Fon Woulman Eta a pou Dlo Pwòp la (Clean Water State Revolving Fund, CWSRF) ak Fon Woulman Eta a pou Dlo Potab (Drinking Water State Revolving Fund, DWSRF) ak Lwa pou Amelyorasyon Enfrastrikti Idwolik la (Water Infrastructure Improvement Act, WIIA) yo te deja anonse a. Vizite [sitwèb](#) EFC a pou aprann plis sou opòtinite finansman enfrastrikti dlo.

Finansman Pwojè Dlo Pwòp yo apwouve:

- **Konte Oneida** - 15,000,000 dola nan finansman akoutèm, san enterè pou difikilte, 12,392,233 dola akoutèm, finansman san enterè ak 12,392,232 dola finansman akoutèm nan to mache a pou planifye, fè konsepsyon ak konstwi amelyorasyon nan izin kontwòl polisyon dlo konte a ak Estasyon Ponp Sauquoit Creek ak Barnes Avenue.
- **Vil Catskill nan Konte Greene** - 10,191,205 dola nan finansman alontèm, san enterè pou planifye, konsepsyon ak konstwi yon koleksyon dlo ize ak sistèm transpò pou sèvi Distri Egou Leeds ak Jefferson Heights ki fèk fòme a, epi enstale tès depistaj mekanik nan izin tretman dlo ize ke vilaj la posede. Yon sibvansyon WIIA ki evalye a 3.15 milyon te deja otorize pou pwojè sa a.
- **Vilaj Depew nan Konte Erie** - 729,875 dola nan finansman akoutèm, san enterè, 1,729,875 dola finansman akoutèm nan to mache a ak yon sibvansyon 453,250 dola WIIA pou amelyorasyon egou sanitè pou redwi aflik ak enfiltrasyon nan sistèm koleksyon vilaj la.
- **Vil Dryden nan Konte Tompkins** - 3,063,000 dola nan finansman akoutèm, san enterè pou amelyorasyon sistèm koleksyon nan Vilaj Varna.
- **Vilaj Gouverneur nan Konte St. Lawrence** - 950.000 dola nan finansman akoutèm, san enterè ak yon sibvansyon 182,750 dola CWSRF pou Faz II nan pwojè egou Dorwin Street la
- **Vil Rockland nan Konte Sullivan** - 264,990 dola nan finansman akoutèm, san enterè ak 41,260 dola sibvansyon WIIA pou yon sistèm dezenfeksyon klò nan Izin Tretman Dlo Ize Roscoe a.
- **Vilaj Marcellus nan Konte Onondaga** - 4,347,276 nan finansman alontèm, san enterè pou amelyorasyon nan izin tretman dlo ize vilaj la.
- **Vil Middletown nan Konte Orange** - 2,258,863 nan finansman alontèm, san enterè ak yon sibvansyon 359,284 dola CWSRF pou ranplasman ponp lan.

Finansman Pwojè Dlo Potab yo apwouve:

- **Village Garden City nan Konte Nassau** - Sibvansyon WIIA 3,653,794 pou enstale Pwosesis Oksidasyon Avanse (Advanced Oxidation Processes, AOP) ak Chabon Aktif Granilè (Granular Activated Carbon, GAC) ekipman pou trete kontaminan emèjan yo nan etablisman tretman dlo a.

- **Vil Malone nan Konte Franklin** - 900,000 dola nan finansman akoutèm nan to mache a pou travay ranplasman kanalizasyon ijans sou Route 11 nan Distri Dlo West Side la.
- **Vilaj Dering Harbour nan Konte Suffolk** - 451,504 dola nan finansman alontèm, san enterè pou konstwi yon nouvo tank estokaj 100,000 galon epi enstale rezèv kouran elektrik pou opere pi yo pandan blakawout yo.

Rele pou Aplikasyon Sibvansyon pou Enfrastrikti Vèt ak Planifikasyon Enjenyeri

Peryòd demann nan ap ouvè pou [Sibvansyon pou Inovasyon Vèt \(Green Innovation Grant, GIGP\)](#) EFC a ak pwogram [Sibvansyon pou Planifikasyon Enjenyeri \(Engineering Planning Grant, EPG\)](#) yo. Gouvènè Kathy Hochul te anonse finansman ki disponib atravè lansman Faz 12 Aplikasyon pou Finansman Konsolide (CFA) a.

Kòm yon pati nan Faz 12 la, EFC anonse disponiblite jiska 15 milyon dola pou GIGP ak 3 milyon dola pou EPG. Aplikasyon yo dwe soumèt atravè [sit entènèt CFA](#) a pa pita pase vandredi 29 jiyè a 4 p.m.

Sibvansyon pou Inovasyon Vèt yo vav pou pwojè ki amelyore kalite dlo ak redui efè chanjman klimatik atravè aplikasyon pratik vèt yo ki gen ladan enfrastrikti vèt pou dlo lapli, efikasite enèjetik, ak efikasite idwolik ak inovasyon anviwònmantal.

Sibvansyon pou Planifikasyon Enjenyeri (EPG) ede kominote ki elijib kòmanse pwosesis planifikasyon Enpòtan pou yo kapab pi byen prepare pou chèche finansman pou ede yo fini pwojè enfrastrikti egou yo. Sibvansyon ki rive nan jiska 100,000 dola disponib pou elabore yon rapò enjenyeri ki idantifye pwoblèm ak solisyon potansyèl yo.

Angajman New York pou Kalite Dlo

New York kontinye ogmante investisman nan pwojè enfrastrikti pou dlo pwòp yo. Gouvènè Hochul an avril [te anonse](#) ke yo bay 638 milyon dola pou kominote nan tout eta a pou finanse pwojè enfrastrikti dlo pwòp atravè pwogram Amelyorasyon Enfrastrikti Dlo ak Sibvansyon Entè-minisipal yo.

Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Bidjè Adopte a otorize 1.2 milya dola siplemantè, pou yon total 4.2 milya dola, pou Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Ekolojik istorik la. Inisyativ istorik sa a, ki dwe pran pa elektè yo pita nan ane sa a, ta mete ajou enfrastrikti dlo ki aje epi pwoteje kalite dlo; redwi polisyon nan lè a ak diminye emisyon ki chanje klima; retabli abita yo; ranfòse kapasite kominote yo pou yo reziste kont gwo tanpèt ak inondasyon; prezève espas deyò ak fèm lokal yo; epi asire ekite nan investi omwen 35 pousan, ak yon objektif 40 pousan, nan resous nan kominote defavorize yo.

Anplis de Lwa ou Obligasyon Anviwònmantal pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Ekolojik la, Bidjè a gen ladan 400 milyon dola nan Fon Pwoteksyon Anviwònmantal (Environmental Protection Fund, EPF) pou sipòte inisyativ pou diminsyon chanjman klimatik ak adaptasyon, amelyore resous agrikòl yo pou ankouraje agrikilti dirab,

pwoteje sous dlo nou yo, fè avanse efò prezèvasyon yo epi bay opòtinite lwazi pou Nouyòkè yo. Bidjè a te gen ladan tou 500 milyon dola nan finansman enfrasrikri dlo pwòp, k ap mete total envestisman Eta a nan dlo pwòp nan 4.5 milya dola depi 2017.

Nou ankouraje Gouvènman Lokal yo patisipe nan ankèt sou bezwen basen vèsan ki pwòp yo

EFC rekòmande minisipalite yo pou patisipe nan Ankèt sou Bezwen Basen Vèsan Idwolik Pwòp Ajans Pwoteksyon Anviwònmanal (Environmental Protection Agency, EPA) la, ke EFC te lanse nan New York nan 1 mas. Patisipasyon enpòtan piske li ka afekte kantite lajan federal CWSRF yo pral atribye bay Eta New York pou finanse pwojè enfrasrikri dlo pwòp yo alavni. Yo mande minisipalite yo pou dokimante bezwen nan enfrasrikri pou dlo ize kominotè yo pou soumèt bay EPA. Ale sou <https://efc.ny.gov/needs> pou w soumèt dokiman yo ak pou jwenn resous pou ede avèk soumisyon yo.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)